

Nim. 202.28

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law), avèk dokiman sa a, ap kontinye ak sispansyon ak modifikasyon lwa yo, ak nenpòt enstwiksyon, ke yon enstwiksyon ilteryè pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202 a ak chak Dekrè Egzekitif ki vin apre sa yo ki gen pami yo Dekrè Egzekitif 202.14 la, pandan trant jou jiska dat 6 jen 2020, eksepte jan sa modifye anba la a:

- Sispansyon ak modifikasyon atik ak règleman nou pral site yo pa'p kontinye, epi atik, kòd ak règleman sa yo an vigè nan tout anplè yo apati dat 8 me 2020:
 - 10 NYCRR 405.9, eksepte nan mezi ki limite kote li ta pral pèmèt yon pwofesyonèl egzèsè metye li nan yon etablisman kote yo pa akredite oswa kote yo pa gen privilèj yo, ke yo ta dwe kontinye sispann; 10 NYCRR 400.9; 10 NYCRR 400.11, 10 NYCRR 405; 10 NYCRR 403.3; 10 NYCRR 403.5; 10 NYCRR 800.3, eksepte nan mezi ke souparagraf (d) ak (u) yo ta ka otreman limite kantite swen paramedik yo bay pou entèdi pwovizyon sèvis medikal oswa sèvis pwolonje yo pou COVID-19 oswa pou pasyan yo sispèk ki gen COVID-19 yo; 10 NYCRR 400.12; 10 NYCRR 415.11; 10 NYCRR 415.15; 10 NYCRR 415.26; 14 NYCRR 620; 14 NYCRR 633.12; 14 NYCRR 636-1; 14 NYCRR 686.3; ak 14 NYCRR 517;
 - Seksyon 41.34; 29.11; ak 29.15 nan Lwa sou Ijyèn Mantal la (Mental Hygiene Law);
 - Seksyon 3002, 3002-a, 3003, ak 3004-a nan Lwa sou Sante Piblik la (Public Health Law) nan mezi ke li ta pral pèmèt Komisè a fè detèminasyon san apwobasyon yon komite EMS rejyonal oswa eta a;
 - Soudivizyon (2) nan seksyon 6527, Seksyon 6545, ak Soudivizyon (1) nan Seksyon 6909 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law); ansanm ak soudivizyon 32 nan Seksyon 6530 nan Lwa sou Edikasyon an, paragraf (3) nan Soudivizyon (a) nan Seksyon 29.2 nan Tit 8 NYCRR la, ak seksyon 58-1.11, 405.10, ak 415.22 nan Tit 10 NYCRR la;
 - Tout atik ki gen rapò ak konstwiksyon, konsèvasyon enèji, oswa lòt atik sou batiman yo, ansanm ak tout lwa, òdonans, ak règleman eta oswa lokal yo ke yo ta pral sispann otreman, apre apwobasyon Komisè OPWDD a, jan sa aplikab sèlman pou chanjman tanporè nan espas fizik, kapasite kabann yo, ak sèvis ke yo te bay yo; pou etablisman ki anba jiridiksyon Komisè a.

AN PLIS DE SA, Mwen, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifye pwovizwaman sa nou pral site la yo, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen,

oswa retade mezi ki nesesè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesesè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, pandan peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 6 jen 2020:

- Seksyon 7-103, 7-107 ak 7-108 nan Lwa sou Obligasyon Jeneral yo (General Obligations Law) nan tout anlè ki nesesè pou pèmèt:
 - Pwopriyetè kay ak lokatè oswa moun ki gen lisans pou pwopriyete rezidansyèl yo, avèk konsantman lokatè oswa moun ki gen lisans lan, ka antre nan yon akò alekri ki ap pèmèt yo itilize montan depo garanti ak nenpòt lòt kòb ki la yo, pou peye lwaye ki poko peye oswa ke yo pral dwe. Si kantite depo a reprezante mwens pase peman konplè pou yon mwa lwaye, konsantman sa a pa konstitiye yon egzansyon pou rès montan lwaye yo dwe a epi ke yo dwe peye pou mwa sa a. Egzekisyon an kontpati pa imèl yo pral konstitiye egzekisyon ki sifizan pou konsantman;
 - Pwopriyetè kay yo ta dwe bay asistans sa a pou lokatè oswa moun ki gen lisans yo ki te mande sa epi ki kalifye pou avantaj oswa asirans chomaj yo anba lwa eta oswa federal yo oswa ki otreman ta pral fè fas a difikilte finansye akòz epidemi COVID-19 la;
 - Li ta dwe yon opsyon pou lokatè oswa moun ki gen lisan yo pou yo antre nan yon akò konsa epi pwopriyetè kay yo pa ta dwe asele, menase oswa angaje nan okenn zak malonèt pou ka fòse akò sa a;
 - Lokatè oswa moun ki gen lisan yo dwe ranbouse nenpòt montan depo garanti ke yo te itilize kòm peman lwaye, ke yo dwe peye pa 1/12 montan ke yo te itilize kòm lwaye pa mwa. Peman pou ranbouse montan depo garanti a dwe fèt epi yo dwe peye yo pa pi piti pase 90 jou apre dat itilizasyon montan depo garanti a kòm lwaye. Lokatè oswa moun ki gen lisan yo ka, kòm sèl opsyon yo, kenbe asirans ki bay asistans pou pwopriyetè kay la olye pou yo ranbouse montan depo garanti a, ke pwopriyetè kay la, dwe aksepte asirans sa a kòm ranbousman.
- Soudivizyon 2 nan seksyon 238-a nan Lwa sou Byen Imobilye yo (Real Property Law) pou etabli ke okenn pwopriyetè kay, bayè, sou-bayè oswa garan pa ta dwe mande oswa gen pèmision pou jwenn peman, montan frè oswa sichaj akòz peman retade pou lwaye yo ki te rive pandan peryòd tan soti 20 mas 2020 rive jiska 20 dawout 2020; ak
- Seksyon 8-400 nan Lwa Elektoral la (Election Law) li modifiye nan tout anlè ki nesesè pou mande ke pou nenpòt aplikasyon pou moun ki absan ke yon konsèy elektoral te voye pa lapòs akòz yon maladi pwovizwa ki baze sou eta ijans sante piblik pou COVID-19 la ka redije epi enprime yon fason pou limite chwa eleksyon yo pou ki aplikasyon pou bilten vòt pou moun ki absan yo aplikab sèlman pou nenpòt eleksyon primè oswa eleksyon espesyal ki ap fèt nan dat 23 jen 2020, a kondisyon ke an plis de sa pou tout aplikasyon pou bilten vòt pou moun ki absan yo ke yo te deja konplete oswa voye pa lapòs yo ke yo te vize pou seleksyone yon bilten vòt pou eleksyon jeneral yo oswa pou mande yon bilten vòt pèmanan pou moun ki absan ta dwe nan tout ka yo valid sèlman pou bay yon bilten vòt pou moun ki absan pou nenpòt eleksyon primè oswa eleksyon espesyal ki ap fèt nan dat 23 jen 2020. Tout Konsèy Elektoral yo dwe bay enstwiksyon pou elektè yo epi byen poste yo sou sit entènèt yo, enstwiksyon pou konplete aplikasyon an konfòmman a direktif sa a.
- Sispansyon pwovizyon lwa sou nenpòt limitasyon tan ki genyen nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl yo (Criminal Procedure Law) ki nan Dekrè Egzekitif 202.8 la li modifiye jan nou pral mansyone la a:
 - Seksyon 182.30 nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl yo, nan mezi ke li pral entèdi itilizasyon aparisyon elektwonik pou kèk jijman;
 - Seksyon 180.60 nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl yo pou pèmèt ke (i) tout aparisyon pati yo nan odyans lan, ki enkli aparisyon akize a, ka fèt apati aparisyon elektwonik; (ii) Tribinal la ka, pou rezon valab ke yo demontre, pwoteje idantite, kache oswa pwoteje imaj, ak/oswa degize vwa nenpòt temwen ki ap temwanye nan odyans lan konfòmman a yon mosyon ki anba Seksyon 245.70 nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl yo — a kondisyon ke Tribinal la gen mwayen pou jije konpòtman yon temwen;
 - Seksyon 180.80 nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl yo, nan mezi ke yon tribinal dwe satisfè tèt li ke yo te demontre rezon valab nan yon delè san karann kat èdtan apati dat 8 me 2020 ke yon akize dwe kontinye rete an detansyon pou yon plent kontravansyon akòz enkapasite pou konstitiye yon gran jiri akòz COVID-19, ki ka konstitiye rezon valad sa a konfòmman a soudivizyon twa nan seksyon sa a; ak
 - Seksyon 190.80 nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl yo, nan mezi ke yon tribinal dwe satisfè tèt li ke yo te demontre rezon valab ke yon akize dwe kontinye rete an detansyon pou yon plent kontravansyon apre karann senk jou akòz enkapasite pou konstitiye yon gran jiri akòz COVID-19, ki ka konstitiye rezon valad sa a konfòmman a soudivizyon b nan seksyon sa a depi ke yo te bay akize a yon odyans preliminè jan yo te etabli sa nan seksyon 180.80.

AN PLIS DE SA, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la bay mwen pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesesè pou fè fas a katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pibliye enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive jiska 6 jen 2020:

- Pa ta dwe gen okenn inisyasyon pwosedi oswa ranfòsman swa yon eviksyon lokatè rezidansyèl oswa komèsyal poutèt yo pa peye lwaye oswa yon pwosesis pou sezi nenpòt prè ipotekè rezidansyèl oswa komèsyal, poutèt yo pa peye prè ipotekè sa a, ki posede owa lwe pa yon moun ki kalifye pou avantaj oswa asirans chomaj yo anba lwa eta oswa federal yo oswa ki otreman ap fè fas a difikilte finansye akòz epidemi COVID-19 pandan yon peryòd swasant jou kòmanse apati dat 20 jen 2020.
- Dekrè Egzekitif 202.18, ki te elaji enstwiksyon ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.14 ak 202.4 yo jan yo te amande pa Dekrè Egzekitif 202.11 lan ki gen pou wè ak fèmte lekòl yo nan tout eta a, avèk dokiman sa a, yo ap kontinye pou mande tout lekòl yo rete fèmte jiska rès fen ane eskolè a. Distrik eskolè yo dwe kontinye planifye lòt opsyon ansèyman, distribisyon ak disponiblite manje, ak gadri altènatif yo, ak yon anfas sou bay sèvis a timoun travayè ki esansyèl yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan setyèm jou mwa me nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a